

Governo do Estado do Rio de Janeiro

Governador - Cláudio Castro

Vice-Governador - Thiago Pampolha

Secretaria de Estado de Saúde - SES

Secretaria - Cláudia Maria Braga de Mello

Subsecretaria de Vigilância e Atenção Primária em Saúde - Mario Sérgio Ribeiro

Superintendente de Atenção Psicossocial e Populações em Situação de Vulnerabilidade
- Karen Santo Athié

Coordenação de Ações em Saúde para Populações em Situação de Vulnerabilidade -
Celso de Moraes Vergne, Graciela Esther Pagliaro e Lilian Cardoso de Freitas

Superintendência de Emergências em Saúde Pública - Silvia Carvalho

Coordenação de Vigilância Epidemiológica - Keli Marini dos Santos Magno

Subsecretaria de Vigilância e Atenção Primária à Saúde - Cristina Maria Giordano Dias e
Daniela Vidal

Coordenação de Vigilância Ambiental - Patrícia Meneguete

Secretaria de Estado de Desenvolvimento Social e Direitos Humanos

- SEDSODH

Secretaria - Rosângela Gomes

Subsecretaria de Promoção, Defesa e Garantia dos Direitos Humanos - Aline Forasteiro

Superintendente de Promoção e Defesa dos Direitos Humanos - Alessandra Werner

Coordenadora de Políticas de Migração e Refúgio - Eliane Vieira Lacerda Almeida

Assistente: Maria Fernanda Castañeda Lafont

Tradução Crioulo Haitiano

Yonel Stavien e Olbishoo Lexius (Associação des Jeunes Haïtiens en science de la santé
- AJHASS)

Com o apoio da **Procuradoria Regional dos Direitos do Cidadão da
Procuradoria da República no Rio de Janeiro - PRDC/PRRJ**

PREVANSYON
AK SENTÒM

DENG



PREVANSYON
AK SENTÒM

DENG



PREVANSYON**DENG**

Ak sezon ete ki rive a ak sezon anpil lapli a, aboviwoz yo, yon gwoup maladi viral ki transmèt pa atwopòd tankou moustik ak karapat ogmante. Nan moman sa li nesesè pou bay anpil enpòtans ak Deng.

Anplis maladi Deng, moustik Aedes aegypti transmèt tou maladi Zika ak Chikungunya. Moustik sa gen pou karakteristik, prezans mak blanch nan do ak pye.

**PRENSIPAL MWAYEN POU KONBAT DENG SE EVITE
PWOLIFERASYON (MULTIPLIKASYON) MOUSTIK LA**

- | | | | |
|--|----------------------------------|---|------------------------------------|
|  | Kenbe resipyen dlo yo byen fèmen |  | Byen akeyi ajan sante ak andemi yo |
|  | Byen mare sak fatra yo |  | Mete sab nan po plant yo |
|  | Sere kawotchou yo kote ki kouvri |  | Netwaye goutyè kay la byen |
|  | Pa akimile fatra ak debri |  | Kenbe boutèy, po ak vaz yo vid |

PA PÈMÈT AKIMILASYON DLO NAN VESO, PO, KAWOUTCHOU OSWA MENM FATRA. TOUT REZÈVATWA DLO SA YO KAPAB VIN TOUNEN KOUVÈ POU MOUSTIK YO.

**POU PLIS****ENFÒMASYON**


Área técnica da Secretaria de Estado de Saúde
- arboviroses
adtvzrj@gmail.com

Coordenação de Ações em Saúde para
Populações em Situação de Vulnerabilidade -
coaspv.saude@gmail.com

Comitê Técnico Estadual de Saúde Integral da
População Imigrante e Refugiada
coaspv.saude@gmail.com

Disque Saúde
136

Ou acesse o site:



SENTÒM KI ALÈTE KONTAMINASYON PA VIRIS

DENG



Tout moun ka trape maladi sa a, men moun ki gen kondisyon pre-egzistan tankou fanm ansent, bebe ki timoun ki gen pi piti pase 5 an ak granmoun aje yo gen plis risk pou devlope konplikasyon.

SENTÒM KLASIK



Fyèv wo ak/oswa pèsistan



Ekstremite yo frèt (men avèk pye yo)



Doulè nan misk ak atikilasyon (jwenti)



Noze ak vomisman okazyonèl



Dyare ak/oswa gwo vant fè mal

SIY ALÈT



Diminisyon nan pipi (pipi mwens)



Sèyman (senyen) espontane



Doulè tèt oswa dèyè je



Ajitasyon oswa somèy (soulay, gaga)



Noze ak vomisman souvan



Mak wouj (eksantèm)



Tansyon ba

KI SENTÒM YO

Enfeksyon deng ka soti nan pa prezante pyès sentòm pou rive nan sentòm grav ki ka lakòz lanmò. Jeneralman, premye manifestasyon deng se yon lafyèv wo (plis pase 38°C) ki kòmanse britsoukou e ki ka dire ant 2 ak 7 jou, akonpaye ak lòt sentòm. Fòm grav maladi a enkli gwo vant fè ki dire, vomi anpil, vètij, pèt konesans, senyen nan mukoz, pamì lòt sentòm.

ENPÒTAN: Sèyman (senyen) se youn nan sentòm deng ki grav. Si ou senyen nan mikoz yo (nen, jansiv), gen gwo vant fè mal, vomisman pèsistan, pèdi konesans, ipotansyon (tansyon ba), rediksyon nan kantite pipi ou, chèche touswit sèvis sante ki pi pre lakay ou a.

KIJAN LI TRANSMÈT

Prensipal mwayen transmisyon deng se lè femèl moustik Aedes aegypti ke enfekte an pike yon moun. Gen kèk ka transmisyon vètikal (lè fanm ansent rive pasel bay timoun li pote a) ak pa transfizyon san, men yo ra. Moun tout laj ka gen maladi a, men moun ki gentan gen lòt ris sante tankou fanm ansent, fanm ki ap bay tete, timoun ki nan tete ak sila ki gen pi piti pase 5 an ak granmoun aje yo fè fas ak risk pou devlope konplikasyon oswa Deng grav.

DIFERANS ANT MALADI YO:

Zika: je wouj, konjonktivit, tèt fè mal, kò fèmal, bouch pete, lafyèv ba, doulè nan do, difikilte pou gade limyè, gratèl, doulè nan jwenti, lesyon (tach) blan ak wouj sou po.

Chikungunya: Gwo doulè entans nan jwenti (atikilasyon), kò fèmal, tèt fè mal, tach wouj sou po, konjonktivit, ak lafyèv wo.

KIJAN POU PREVNI

Brezil se premye peyi nan mond lan ki bay vaksen kont deng nan sistèm sante publik la. Vaksen an ap bay nan gwoup sib nan reyon kote ki genyen anpil ka maladi a jan Ministè lasante a te anonse sa. Vaksinasyon an pral ede ansanm ak tout lòt estrateji pou kontwole maladi deng la. Pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon kont deng, kontakte otorite lokal yo.

Itilize rad klè ki pou diminye ekspozisyon po ou pandan jounen an ki moman ke moustik yo pi aktif kapab pwoteje ou pou moustik pa pike'w. Ou ka itilize krèm moustik ak ensektisid, men ou dwe respekte endikasyon ki sou etikèt pwodui sa yo. Moustikè tou bay yon bon pwoteksyon kont moustik menm jan ak rakèt elektrik.



MENM SI GENYEN VAKSEN AK AKSYON PREVANSYON YO,
PRENSIPAL MWAYEN POU KONTWOLE MALADI TRANSMÈT
SA YO MOUSTIK BAY YO TANKOU DENG, ZIKA, AK
CHIKUNGUNYA SE EVITE PWOPAGASYON MOUSTIK AEDES
AEGYPTI LA, LÈ OU JETE DLO KI ESTOKE KI KA SÈVI KÒM
SOUS POU MOUSTIK KALE TANKOU PO PLANT, GALON DLO,
KAWOUTCHOU, BOUTÈY PLASTIK, PISIN KI PA ITILIZE E KI
PA GEN ANTRETYEN.